предполагающая разбор наиболее сложных случаев, состояний, переживаний в семье. К ним относятся случаи непреодолимого страха перед родами, вдруг появившейся гипертрофированной обидчивости на мужа, свекровь, родителей у беременных женщин. У мужчин это может быть навязчивая тревога за супругу и будущего ребёнка, иногда основанная на чьем-то горьком опыте. Или появление необоснованных странных чувств к жене - отторжения, холодности, раздражения, хотя все в семье как будто бы нормально и ребенок желанен. Индивидуальные беседы проводит помимо психолога и заведующая предродовым отделением, знакомя пару с правилами, принятыми в роддоме по проведению родов, возможностями пары и ролью медицинского персонала. Объясняются физиологические особенности и организационные моменты, которые могут быть важными для пары в этот период.

5. Работа с персоналом. Психолог проводит с врачами и акушерками занятия по обучению методам психокоррекции в родах, способам организации позитивного эмоционального пространства, знакомит с теми приемами, которым женщины обучились на занятиях (с применением дыхания, массажа, йоги). Последнее необходимо, чтобы персонал был способен организовать женщине максимально естественное течение без применения медикаментов и хирургических средств (если это возможно). Главный принцип - не мешать, не нарушать естественный процесс при родах. И только в тех случаях, когда женщине не хватает своих собственных сил и готовности, применять все возможные средства, имеющиеся в арсенале медиков. Другая сторона работы психолога с персоналом - проведение психологической разгрузки. Известно, что ночные дежурства, операции, сложные роды сказываются на общем эмоциональном и физическом состоянии врачей, акушерок, перегружая их нервную систему. Психологическая разгрузка, включающая самомассаж, динамические упражнения, медитации, позволяет им поддерживать адекватное функциональное состояние и не терять форму.

Таким образом, как мы уже отмечали выше, беременность является особым периодом в жизни женщины. Безусловно, это период значимых физиологических и социально-психологических перемен, во время которых происходит мощная перестройка в эндокринной, вегетативной, сердечно-сосудистой системах. Меняется форма тела будущей матери, увеличивается вес, снижается либидо, нарушается сексуальная активность. Появляются сомнения относительно собственной привлекательности, здоровья ребёнка. Вышеописанные перемены наряду с новым социальным статусом не могут не затрагивать отношения женщины в семье и на производстве. От того, насколько беременная умеет справляться с широким кругом возникающих проблем, зависит её психическое состояние и состояние будущего ребёнка.

Репродукция - это не болезнь, а естественная физиологическая функция. Наша общая задача состоит в том, чтобы обеспечить женщине во время беременности хорошее здоровье, как психическое, так и физическое, свести к минимуму дискомфорт во время родов, необходимость медицинского вмешательства, а также гарантировать появление на свет абсолютно здорового малыша.

**Литература**


1. Боровикова Н.В. Условия и факторы продуктивного развития Я концепции беременной женщины // Автореф. Дис. Канд.психол.наук. - М.: 1998, - С.28.
2. Добряков В.Н. Перинатальная психология.- М.: 2004.
3. Коваленко Н.П. Психологические особенности и коррекция эмоционального состояния женщины в период беременности и родов. Автореферат диссертации на соискание ученой степени кандидата психологических наук. СПб 1998
4. Копыл О. А., Бас Л. Л., Бажева О. В. Готовность к материнству: выделение факторов и условий психологического риска для будущего развития ребенка // Синапс. 1993. № 4. -С. 13-34. Мальгина Г.Б.
5. Крайг . Бокум Д. Психология развития. -М.: 2004. –С. 725.
6. Рудина Л.М.Индивидуально-психологические особенности адаптивности женщин к состоянию беременности.//Автореф.дис.канд.психол.наук. -М.: 2003.
7. Филиппова М.М. Психология материнства. -М.:2002.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада перинатология ва туғруққа ёрдам кўрсатиш муассасаларида психологик хизматни ташкил этиш масалалари мухокама қилинади. Перинатал психологиянинг асосий муаммоларини муҳокама қилган ҳолда мутахассислар эътибори психодиагностика ва коррекцияни такомиллаштириш, шунингдек, ҳомиладор аёлларга ихтисослашган психологик ёрдам кўрсатишга қаратилади. Таъкидланадики, мазкур тармоқда психологик хизматни ташкил этиш инсон психикаси ва шахси ривожланишида перинатал даврнинг муҳимлигини эътироф этувчи замонавий тадқиқот курсига мос келиши керак ҳамда ушбу даврда аёллар психологик хотиржамлиги ва уларнинг булғуси фарзандлари муваффақиятли ривожланиши шарт-шароитларини тўлиқ акс эттириши лозим.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы организации психологической службы в перинатологии и родовспоможении. Обсуждая основные проблемы перинатальной психологии, акцентируется внимание специалистов на необходимости совершенствования психодиагностики и коррекции, а также оказания специализированной психологической поддержки беременным женщинам. Отмечается, что организация психологической службы в этой отрасли должна соответствовать современному исследовательскому курсу, подчеркивающему важность перинатального периода в дальнейшем развитии психики и личности человека, и направлена на изучение психологических основ организации поведения во время беременности, что позволит более полно представить условия психологического благополучия женщин в этот период и успешного развития их будущих детей.

**SUMMARY**

In the article the questions of the organization of psychological service in perinatology and obstetrics have been studied. Discussing the main problems of perinatal psychology, specialist's focuse their attention on the improvement of psycho-diagnostics and correction, as well as providing specialized psychological support to pregnant women. It was empha sized that the organization of psychological service in this sphere should suit to current research course, emphasizing the importance of the perinatal period in the further development of the psyche and personality, and it is aimed at studying psychological foundations of organization of behaviour during pregnancy, which will let represent the conditions of psychological well-being of women in this period and the successful development of their future children.


## АҚЛЫҚ ТӘРБИЯСЫНДА АДАМЛАРДЫ ӨЗ АТЫ МЕНЕН АТАЎДЫҢ ӘҲМИЙЕТИ


**А. Пазылов** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*

**Н.Утаева** – *физика-математика факультетиниң 2-курс студенти*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*


Бизлерди жақыннан берли еки нәрсе ойландыра баслады. Олардың бириншиси өзлеримиз гүўасы болған ўақыя болса, екиншиси ҳәзир напақада отырған, бурынлары Нөкис қаласындағы мектеплердиң биринде баслаўыш класс оқыўшыларына сабақ берген, тәжирийбели бир кәсиплесимиздиң бизлерге айтып берген ўақыясы еди…

Биринши ўақыя былай болды. Жаз күнлериниң биринде Нөкис қаласындағы бир қабатлы жеке меншик жайлардың алдынан гүрриңлесип өтип баратырғанымызда, алдымыздағы бир жайдың саясында ойнап отырған кишкене балаларға көзимиз түсти. Үш жасарлар шамасындағы бир бала дәрҳал алдымыздан жуўырып шығып сәлемлесиў ушын қолын созды. Баланың жасы үлкенге сәлем бериўге умтылғаны бизлерди шексиз қуўанышқа бөледи. Баланы марапатлаў мақсетинде, оның басынан сыйпап турып «Жақсы бала екенсең ғой, атың ким?» деп сораўға мәжбүр болдық. Баланың орнына бес жаслар шамасындағы үлкенирег и (шамасы қоңсысының баласы болса керек) «Ол, ийттиң баласы» деп жуўап берди. Бизлер ҳайран болып үлгермейақ «Ҳәй, ийттиң баласы, қәне үйге кир» деген ҳөктем даўыс еситилди. Қарасақ, жаслары алпысларға шамаласып қалған, толықлаўдан келген, көзәйнек таққан бир сары сынлы кейўаны ҳаял бүйирин таянып тур екен. Ҳаялға сәлем берип, баланы мақтап, кимниң баласы екенлигин сорағанымызды билемиз, «Не жумысың бар! Ол, ийттиң баласы,

болды ма?» деди де баланы ишке киргизип алып, есикти тарс еттирип жапты…

Гәптиң мәниси енди түсиникли болды. Кемпир апасы өз ақлығын жүдә жақсы көргенликтен, өзиниң ең жақсы көретуғын «сөзлери» менен баланы атаўды, оны еркелетип шақырыўды үрдиске айландырып жиберген. Нәтийжеде баланы кишкенелигинен баслап «ийттиң баласы» екенлигине исендире баслаған. Ақыбетинде баланы ойнататуғын қоңсылардың балаларыда ойнататуғын баласының «ийттиң баласы» екенлигин билип алыў шарапатына миясар болған дегенде ойларға берилдик. Усы жерде, бала мектеп жасына жеткенде қалай болады? деген сораўлар бизди қызықтырды. Ҳақыйқатында да, бала есейгенде, оннан өзиниң әкесиниң атын сорасақ, ол не деп жуўап берер екен? Әкесиниң «ийт» екенлигине ары келмес пе екен деп те ойлап қойдық.

Екиншиси, кәсиплесимизден еситкен ўақыя былай болған еди. Ертеректе, кәсиплесимиз таза оқыў жылынан баслап биринши классты оқытатуғын болған. Балалардың туўылғанлығы ҳаққында гүўалыққа тийкарланып олардың әкеси ҳәм анасы ҳаққында мағлыўматларға алдын ала ийе болған муғаллим, оқыўшыларға «ата» деген сөзди үйретиў ўақтында оқыўшылардан «әкеңниң аты ким?», «атаңның аты ким?» деген сораўларды пайдаланған. Бул сораўлар арқалы балалардың сабаққа болған қызығыўшылығын арттыраман деген ойларға берилген. Балалардың биреўлери аталарының атларын айтқан болса, гейпаралары «атамның аты «ата» деп жуўап берген. Ал, класстағы оқыйтуғын егизек балалардан атасының атын сораған екен, олар бирбирине қарасып турған ҳәм олардың биреўи «атамның аты «алжыған» деген оғада үлкен мақтаныш сезими менен. Класс муғаллими ҳайран болған.

Класс муғаллиминиң көрсетиўи бойынша ол баланың атасының аты «алжыған» емес, керисинше әкесиниң, қулағына азан айттырып қойған Қудайберген деген әпәнедей аты бар екен. Ал, «алжыған» деген атты ким қойған? Бул ат қаяқтан тап болған? Кәсиплесимиздиң атап өткениндей бул, әлбетте оның кемпириниң өз ғаррысын «еркелетип» қойған аты болыўы итимал. Демек, мәселениң төркини қайда жатыр деген сораў кимди болса да ойландырса керек деген пикирдемиз. Деген менен, бул көрсетилген ўақыяларға психологиялық ҳәм педагогикалық жақтан баҳа берип көрейик. Ўақыяның төркинине психологиялық жақтан баҳа беретуғын болсақ, көрсетилген биринши ўақыядағы бала кемпир апасының ақлық баласы, ал, өз әкешесиниң туңғышынан кейинги баласы болса керек. Себеби, бизде көбинесе кемпир-ғаррылар (әсиресе кемпир апалар) биринши ақлығын ийемленип алады. Ол ақлығына «журтта жоқ» тәрбияны бериўге ҳәрекет жасайды. Олардың қулағына кишкенелигинен баслап-ақ «атасының» ямаса «апасының» (кемпир апасының) баласы екенлигин еринбестен қуйып барады. Демек, тәрбияланып атырған баланың атасы ямаса кемпир апасының тек ғана усы ақлыққа тийислилигин оның өзине мудамы сездирип турады. Өз нәўбетинде ақлық балада өзиниң атасының ямаса кемпир апасының өзинен басқа ҳеш кимге тийисли емеслигине көзи жете баслайды. Оларды басқалардан қызғанатуғын болады. Ақлық баласында пайда бола баслаған қызғаныш сезимин көрип атасы ямаса кемпир апасы шексиз қуўанышқа бөленеди. Төбелери көкке жетеди.

Усындай күнлердиң биринде екинши ақлық дүньяға келеди. Олар екинши ақлығында жақсы көрип, оған өзлериниң меҳирин бере баслайды. Бирақ, усындай ўақытларда биринши ақлық өз қызғанышын жасыра алмайды. Жылайды. «Ананы балам деп айттың», «Ананы жақсы көрдиң» деп шатақ шығара баслайды. Бундай шараятларда кемпир апалары ақлығын жубатыўдың аңсат жолын табады. «Мениң балам тек сен. Оны жубатыў ушын алдап атырман. Ол мениң балам емес, ол «ийттиң баласы» деп үлкен ақлығын алдарқатып, жубатады. Мине, усыннан баслап, үлкен ақлығының көзинше екинши ақлығы аты-жөни жоқ «ийттиң баласы»на айланады да қалады.

Екинши ўақыядағы егизек ақлықта кемпир апасының бағып атырған туңғыш ақлығынан кейингиси болыўы итимал. Себеби, ол биринши ақлығын ғаррысына да берместен ийемленип алған. Екинши туўылған егизеклерден өзиниң «баласы» қызғана берген соң, оларды «көзабаға» ғаррысына ысырғанда қоя қойған. Онда да, өзи ҳәм туңғыш ақлығынан басқаны мисе тутпай, ғаррысына «алжыған» деген атты тағып, өзинше үлкен мәселени шешкен болып есаплаған.

Өз нәўбетинде биринши ақлықта «алжыған» деген сөздиң жаман сөз екенлигин шамалап биле баслаған. Нәтийжеде, өзиниң «алжыған»ның баласы болмай кемпир апасының баласы болғанлығына, ал, еки егизек үкелериниң «алжыған»ның баласы болғанлығына исенип, шексиз қуўанышқа бөленген.

Еки ўақыяға да педагогикалық жақтан баҳа беретуғын болсақ, бул жерде ақлық тәрбиясы менен шуғылланып атырған кемпир апалар жүдә үлкен қәteликке жол қойған. Бириншисинде қулағына азан айттырып қойған өз баласының атын умытыўға ҳәм ол атты ақлығының ядына салмаўға өзи билмеген ҳалда жол қойған. Ал, екиншисинде болса, өз ғаррысына болған ҳүрмети, иззетти аяқ асты қылыўға көз-көреки умтылған. Олар өз балаларының ертең бир күн дослары менен көшеде ойнайтуғынлығына, ақлықларының мектепке баратуғынлығына онша итибар бере бермеген. Тек ғана өзлериниң ийемленип алған ақлықларының «кемпир апаларын» басқалардан, анығырағы «ийт» пенен «алжыған»лардан қызғанғанлығына кеўиллери хош болып, «ийттиң баласы» менен «алжығанның баласы» деген сөзлерди өзлериниң күнделикли лексиконына айналдырып жиберген.

Жуўмақлап айтқанда, адам баласына, әсиресе өз баласы менен ғаррысына болған қатнаста «ийт» ҳәм «алжыған» деген сөзлерди қолланыў унамлы нәтийжелерди бермейди. Баласының да, ғаррысының да бул сөзлер кеўиллерин қабартады. Ал, ақлықларының өзлери түсинбеген ҳалда үлкен алжасықларға жол қойыўына себепши болады. Сонлықтан да, ақлық тәрбиясы мәселесинде оны әлпешлеп, абайлап тәрбиялаў менен бир қатарда, оларға өз әкесиниң (өзиниң баласының) ҳәм өз баласының әкесиниң (өз ғаррысының) атларын өз аты менен атап, бул атлардың бузылып ямаса қысқартылып, жанына қосымталарды қоймай айтыўға үйретиў, тәрбияланып атырған ақлықтың жүзиниң жарқын болыўына, оларда өз әкесиниң ямаса атасының атлары арқалы мақтаныш сезимлерин оятыўға кең мүмкиншиликлер жаратып береди.

Ҳүрметли ақлық тәрбиясы менен шуғылланыўшылар! Келиң, ҳәммени өз аты менен атаўды үрдиске айландырайық. Бул өзимиз ушын да, әтирапымыздағы адамлар ҳәм жақын-жуўық туўысқанларымыз ушын да сөзсиз өзиниң унамлы тәсирин тийгизеди.

## КРУЖКОВАЯ РАБОТА ПО ИНОСТРАННОМУ ЯЗЫКУ КАК ПОЛОЖИТЕЛЬНЫЙ ФАКТОР ФОРМИРОВАНИЯ СОЦИОКУЛЬТУРНОЙ КОМПЕТЕНЦИИ

**А.Н.Садуллаева** – *ассистент преподаватель*

**А.А. Реймбаева** – *студентка факультета иностранных языков*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

**Таянч сўзлар**: ижтимоий-маданий компетенция, тўгарак ишлари, кўникма ва малака, бадиий адабиёт, ташаббус, фантазия, мушоҳада.

**Ключевые слова**: социокультурная компетенция, кружковая работа, умения и навыки, художественная литература, инициатива, фантазия, воображение.

**Key words:** sociocultural awareness/ competence, club work, skills and habits, literary texts, initiative, fantasy, imagination.

В работе рассматривается влияние кружковой работы по иностранному языку на формирование социокультурной компетенции у учащихся общеобразовательных школ.

Основополагающая цель обучения иностранному языку – развитие коммуникативной компетентности, т.е. готовности и способности обучаемых осуществлять иноязычное общение**.**

Решение коммуникативной задачи требует от говорящего определённой культуры вербального и невербального поведения, которая формируется по мере накопления положительного опыта иноязычного общения.

Как известно, в школах с узбекским и каракалпакским языком обучения большая часть учащихся не владеет навыками свободного общения на изучаемом иностранном языке, одной из причин которой является отсутствие речевой